# «Пасэ зэманым адыгэ ц1ыхубзым и образыр Щоджэнц1ык1у А. и «Мадинэ» поэмэм къызэрыщыгъэлъэгъуар»



# Мурадыр:

- 1.Адыгэ ц1ыхубзым и хьэл-щэныр Мадинэ и образым къызэрыхэщыр.
- 2.Пасэ зэманым псэуа адыгэ ц1ыхубзым и хьэл-щэнымрэ нобэрей ц1ыхубзым и хьэл-щэнымрэ зэгъэпщэн.
- 3.Еджак1уэхэм я гупсысэр тэмэму зык1элъахьыфу гъэсэным елэжьын.

# «Лъэпкъым и ц1ыхушхуэ…»



Къардэн Хьэсэн ди Къэбэрдей-Балъкъэрым и композиторэ ц1эры1уэхэм ящыщ зы…

Къардэн Хьэсэн Якъуб и къуэр
февралым и 23-м 1923гъ. Шэджэм I-м Къэбэрдей- Балъкъэр Республикэм къыщалъхуащ. Абы къиухащ Ленинград консерваториер. Абы итхащ оперэ « Мадинэ», муз.комедие «Мыщэ и къуэ Батыр», нэгъуэщ1 макъамэ 1эджи. Абы КБР и гимныр зэхилъхьащ.

# Уэрэджы1ак1уэ 1ээ.

- Бэгъэтыжь Светэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щ1ыхь зи1э уэрэджы1ак1уэ 1ээщ.



# Щоджэнц1ык1у А. зригъэпэща ц1ыхубз образхэр

- «Щ1ымахуэ жэщым» къыхэщ фызабэ тхьэмыщк1эр «хьэлу!»,- жи1эу къэлъэ1уэхук1э,
- Къуэлъыр бащи,_ ныхуещ1ыж
- «Тек1 бжэщхьэ1ум!»
- «Нэхущ вагъуэу ущхъуэт1ауэ, тэлай куэдк1э ар щыташ»

# «Зэ1усэм псэ хэзылъхьэ...»




- **Дуней псом щыц1эры1уэ , сурэтыщ1 1ээ – К1ыщ Мухьэдинщ.**
- **Абы и 1эщэр дахагъэм хуэгъэзащ. Ат1э, «К1ыщ»унэц1эм къызэрытхуи1уат эщи, абы къок1 «1эзагъэ». 1эпэм къыпык1 искусствэр зыгъэлажьэ, зыгъэпсалъэ К1ыщ Мухьэдин и унэц1эр егъэпэж.**

К1ыщ Мухьэдин 1939гъ. Шэджэм къуажэм къыщалъхуащ. 1965 гъэм Краснодар дэт университетыр къиухащ. 1973гъэм сурэтыщ1хэм я союзым хагъэхьащ. Абы и сурэтхэр, и лэжьыгъэр, дуней псом ц1эры1уэ щыхъуащ.

# Зэрызэпкъырах Упщ1эхэр.

- Адыгэ ц1ыхубзыр хэт и образымк1э поэмэм къыщыгъэлъэгъуа ик1и сыт хуэдэу къэгъэлъэгъуа?
- Адыгэ ц1ыхубзым и хьэл –щэн удэзыхьэхыу Мадинэ хэлъыр.
- Мадинэ насыпыф1э хъуным зэран хэт сымэ къыхуэхъуар?
- Гъащ1эм щек1уэк1 залымыгъэм сыт хуэдэ 1эмалхэмк1э пэуврэ Мадинэ?
- Сыт абы хузэф1эк1ар?
- Мадинэ и образыр сыт щ1элъап1эр?

# Тест лэжьыгъэм и жэуапхэр:

- 1.б
- 2.а
- 3.б
- 4.в
- 5.б
- 6.в,г,д
- 7.а,в,г
- 8.б,в
- 9.а
- 10.б

# Сочиненэм и план:

1. Адыгэ ц1ыхубзым ехьэл1а хьэл – щэнхэр.
2. Мадинэ и образым ахэр зэрепхар.
3. Гъащ1эм щек1уэк1 залымыгъэм адыгэ ц1ыхубзыр зэрыпэувыр Щоджэнц1ык1ум къызэригъэлъэгъуар.
4. Мадинэ гъащ1эм щхъэгъэщхь зыхуищ1къым, адыгэ ц1ыхубзым и образым зыужьыныгъэ ирет. Ар хабзэ мыхъумыщ1эм и щхьэузыхьщ.
5. Сыт хуэдэ зэман хэмыпсэухьами адыгэ ц1ыхубзым хэлъын хуей хьэл – щэн нэхъыщхьэхэр.

# Сочиненэм и къыщ1эдзап1эхэр:

- 1.Щоджэнц1ык1уАлий и тхыгъэ нэхъыф1хэм ящыщщ…
- 2. Адыгэ ц1ыхубз! Сыту пщ1эшхуэ уи1э, сыту тхыдэ хьэлэмэти уи1э…
- 3. «Сэ хей тхьэмыщк1эр былымк1э, Къасым сищэныр хуумыдэ…»
- 4. «Ц1ыхубз пшэрыхь хущанэ», - жа1эу ауэ жа1акъым. Пщ1эшхуэ зыхуащ1у, ауэ гъащ1э мытынш къэзык1уа адыгэ ц1ыхубзыр…

# Чэнджэщхэр:

- 1. Сочиненэ тхыныр теоремэр ди ф1эщ пщ1ым ещхьщ. Абы и1эн хуейщ къыдитыр (темэр), къэщ1эн хуейр (гупсысэ нэхъыщхьэр), ахэр ди ф1эщ зэрыхъу 1эмалхэр (тхыгъэ дызытепсэлъыхьхэм щыщхэр), гъащ1эм щыщ 1уэхугъэхэр, зытхым и гупсысэхэр.

  ------------------------------------------------------------------

- 2. Щыптхк1э щ1эх-щ1эхыурэ къэпщытэжын хуейщ: мык1уэдауэ п1эрэ темэр, къыхэщу п1эрэ гупсысэ нэхъыщхьэр, псори пхузэф1эк1ауэ п1эрэ гупсысэр гунэс пщ1ыну?

  ------------------------------------------------------------------

- 3. Нэхъ хьэлъэм уегупсысу мыпхуэдэ 1уэху тыншхэр зыщумыгъэгъупщэ: зыри умыгъэк1эщ1, скобкэхэр къэгъэсэбэп, «хъэт1ыр щыдахэр къыщеджэгъуаф1эрщ».

# Унэ лэжьыгъэ: